

APPENDIX

These are the the transcriptions of the speech recorded and transcribed the period Wednesday 18 February 2015 09.00 p.m. to 10.00 p.m.

Opening:

Ing ndalu dherek “*Pojok Kampung*” nyopo riko maneh bengi iki karo berita-berita boso Suroboyoan sing **kasil** dikelumpukno kru JTV teko pirang-pirang daerah nang Jawa Timur, aku Ning Ayu **barek** aku Ning Silmia iki lo “*Pojok Kampung*” bengi iki.¹

Summary:

SAKLEBATAN

Kejaksanaan negeri Mojokerto nggedeah kantor deso Kemantren kecamatan Nggedek kaitane **barek** kasus korupsi mbebasno lahan mega proyek tol sumo.¹ Goro-goro lali mateni lilin pas mati lampu, pirang-pirang ruko nang pasar Pangarengan Sampang entek dibadhok geni.² Aktifitas vulkanik gunung mundak **barek** curah udan duwur, jalur pendakian gunung raung ditutup. “*Pojok Kampung*” cendeloe arek Suroboyo beritae wong Jawa Timur.³

News 1

AKTIFITAS VULKANIK MUNGGAH, PENDAKIAN RAUNG DITUTUP BONDOWOSO

Berita pertama dherek, jalur pendakian gunung raung sak iki ditutup polae onok munggae aktifitas vulkanik gunung **barek** curah udan duwur nok daerah kunu.¹ Pirang-pirang pendaki lokal **barek** pendaki asing kepekso wurungno pendakian polae status gununge level loro.²

Onoke suoro sing kuat asale teko aktifitas gunung raung seminggu iki, jalur pendakian nang pucuke gunung raung lewat kecamatan Sumber Wringin kabupaten Bondowoso ditutup, tujuane gae keslametane pendaki sing kape munggah nok pucuke gunung raung.³ Status waspada level loro, udan awu tipis, belok kandel teko kawah, curah udan sing duwur, malah pletikane geni teko kawah dadi alesan ditutupe jalur pendakian gunung raung.⁴ Pirang-pirang pendaki sing sempet nginep nok beskem pendakian kecamatan Sumber Wringin kepekso gak iso munggah **barek** diolehno.⁵ Malah mek pendaki lokal **barek** pendaki teko Perancis kepekno wurungno pendakian polae aktifitas vukanik gununge duwur.⁶ La aktifitas lindu kedadeane ping selawe lindu tremor harmonik sing durasine satus wolu detik sampek wolungatos seket songo detik.⁷ Aktifitas lindu gunung raung gak stabil, **barek** warga dikongkon gak ngelakokno aktifitas pendakian nok radius rong kilo meter.⁸ // Riski Setiawan Sulton Masbuki JTV

News 2

WARGA PERENGANE GUNUNG RAUNG NEKAT NYAMBUT GAWE BONDOWOSO

Masio wis krungu suoro gludhug **barek** udan awu goro-goro aktifitas vulkanik gunung raung, wong perengane gunung raung sing nyambut gawene dadi wong tani, merkebun nang sak ubengane perengan tetep nyambut gawe koyok sak bendinone gae nyukupi kebutuhan uripe. ¹

Suoro gludhug sing metu teko kawah gunung raung **barek** udan awu tipis pas awan-awan gak nggarakno warga perengan gunung raung wedi ngelakoni penggawean, sing sak suene iki dadi aktifitas warga nok perengan gunung raung. ² Beluk dibarengi awu sing metu teko cangkeme kawah gak nggarakno poro warga wurungno karepe lungo nang tegalan sing jarahe cedek **barek** gunung raung iku. ³ Warga ngaku nekat polae nek gak nang tegalan wong-wong iku gak entuk rejeki, warga ngarepno ewangan rupo masker teko GPBD deke sampek nang uwong-uwong iki. Iki ceke beluk **barek** awu vulkanik gak ngganggu ambekane warga pas nyambut gawe. ⁴ Sak suene pirang-pirang ndino kerikeri iki, kawah gunung raung ngetokno belok **barek** awu tipis sing duwure satu meter dino awan wingi sing ngarah nok arah wetan. ⁵ La pas bengi-bengi angin mulai melaku nang arah kulon **barek** kidul, sampek melbu nok wilayah Banyuwangi. ⁶ Warga sing kenek dampak nok kabupaten Bondowoso antarane kecamatan Sempol, kecamatan Telogosari, Sumber Wringin, **barek** kecamatan Sukosari. ⁷ // Rizki Setiawan, Sulton Masbuki JTV

News 3

NYRUDUK PRAOTO, MINI BIS RIYEK MBAREK SOPIRE KECEPIT BODI PONOROGO

Dibedek ugal-ugalan pas nyopir salah siji mini bis nyeruduk praoto teko arah walikane nang jalur propinsi sing hubungno Ponorogo-Pacitan. ¹ Sopir mini bis sempet kecepit bodi mini bis sing riek, sak untoro kerneti bis mek cathu beset nang endas polae kenek pecahane koco montor. ²

Bodi ngarep mini bis jenis avanza iki riyek, sak marine nabrak praoto gak nok momotane teko arak walikane nang jalur propinsi Ponorogo-Pacitan, tepake nang desa Tugurejo, kecamatan Labung, Ponorogo. ³ Sopir **barek** mekanike mini bis Anang **barek** Ipul, warga kecamatan Balerejo, Madiun sempet kecepit bodi mini bis. ⁴ Kecelakaan iki kaitane pas praoto sing disopiri Agus Basuki warga Pacitan, katene moleh nang Pacitan mari ngirim klopo nang Suroboyo. ⁵ Pas nang nggon kedadian praoto kape nyalip montor selip keliling, polae onok nang dalan nanjak praoto nyacak balik nang lajur. ⁶ Apese teko arah Pacitan ujug-ujug **mbejudul** mini bis mlaku banter, langsung nabrak trek sing wis melbu nang lajur kiwo. ⁷ Saking bantere tabrakan, penumpang mini bis loro kecepit nang njerone montor. ⁸ Sak untoro montor selip keliling sing eruh kedadian iki malah mlayu. ⁹

Kernet praoto cathu beset nang endase, polae kenek pecahane koco praoto. ¹⁰ Sak untoro wong loro mini bis langsung diplayukno nang rumah sakit Madiun. ¹¹ // Joko Marsono JTV

News 4

KPK NYITA OMAH LOJI FUAD AMIN AMBEK KANTOR GERINDRA BANGKALAN

Titipane aset weke ketua DPR Bangkalan Meduro Fuad Amin terus dilakokno **barek** KPK. ¹ Lembaga nati korupsi iki **barek** nyita bangunan omah loji loro weke capete Bupati Bangkalan rong periode iku bedhug dobol mau. ²

Bangunan omah loji alias gedung magrong-magrong iki, biasa digae kantor Perusahaan Daerah. ³ PD Sumber Jaya sing dibedhe' kasus langsung nyalah gunakno aliran gas bumi teko Gresik nang Bangkalan, sak liane digae kantor PD Sumber Jaya bangunan iki yo digae omah butik sing ngedol kain batik Meduro **barek** mutune apik karo regone larang. ⁴ Bangunan loro sing disita iku antarane omah sing sak suene iki dienggoni gae kantor Partai Gerindra, koyok sing dieruhi Fuad Amin yo dadi ketua DPC Partai Gerindra Bangkalan, emane pihak penyidik KPK sing nyita nolak ngekeki omongan, antarane akehe bangunan utowo lahan sing disita wong-wong iku. ⁵ Warga sak ubengane kunu ndelok proses sitaan iki langsung kaget, polae kabeh wong sak ubengan kunu gak onok sing ngerti nek bangunan iku njeketek dueke Fuad Amin, warga mek ngerti nek omah iku digae kantor Partai Gerindra sing sak gurunge dadi kantor NU Bangkalan. ⁶ // Ismail Hasyim JTV

News 5

BOJO SING GAK SENGOJO MBEDIL MBOK NDEWOR DITETEPNO TERSANGKA MALANG

Sak marine ngelakoni periksoan intensif luwih teko limang jam tim penyidik Reskrim Polres Malang akhire netepno bojone sing gak sengojo mbedil **mbok ndewor** dadi tersangka. ¹ Masio gak onok ungsur sengojo sing lanang sing wis yo kelangan bojone dijiret pasal telu limo songo perkoro luput sing nggarakno **keplase** nyowone uwong. ²

Rifki bojone Nurwati akhire resmi didadekno tersangka **barek** penyidik Satreskrim Polres Malang sak marine Rifki mbedil **bedile** manuk nang arah bojone sampek matek. ³ Masio gak onok ungsur sengojo sing dilakokno Rifki warga dalan raya Bareng kelurahan Klojen kuto Malang iku dibiji luput sampek nggarakno **keplase** nyowone **mbok ndewor** bojone, teko **kasil** priksoan AKP Wahyu Hidayat Kasat Reskrim Polres Malang jelentrehno, Rifki teko nang nggon kedadean nang dusun Semanding deso Tolongrejo kecamatan Kepanjen kabupaten Malang sing gak lio omahe Buleke. ⁴ Pas nang nggon iku Rifki nontok-nontok **bedil** manuk weke Pamane, sak marine nggae dulinan **bedil** manuk Rifki

ngarahno moncong **bedil** manuk kaliber papat koma limo milimeter nang **mbok ndewore**, gak disadari pelatuke **bedil** ketarik sampek nembus dodo tengen bojone, gak let sue bojone matek.⁵

BEDIL MANUK TEMBUS PARU-PARU KORBAN MALANG

Hasil otopsi dieruhi korban matek ketembus peluru **bedil** manuk nang dodo tengene, **bedile** nang arah **mbok ndewor** jarake kurang teko siji setengah meter, polae kedaden iki peluru nembus kain kudung, jaket, **barek** klambi sing digae **mbok ndewor** sampek tembus nang paru-parune korban.⁶ Rifki dijiret **barek** pasal telu limo songo perkoro lalai sing nggarakno **keplase** nyowone wong liyo, ambek ancemane limang tahon di bui.⁷ Keroso kemenungsan, pulisi ngekeki kelonggaran **barek** ngekeki wektu Rifki melok ngubur bojone sampek tahlilan ndungakno bojone **barek** dijogo ketat petugas sampek pitungndinone bojone.⁸ // Chairul Anwar JTV

News 6

SALAH SASARAN NJAMBRET TASE BOJOE DEWE PAS NUMPAK BRONPIT PROBOLINGGO

Yo dherek, yo ngeniiki dadine nek **bajingan embongan** gak ndelok-ndelok disikan telek calon korbane.¹ Nang Probolinggo salah sijine jambret salah sasaran njambret tase **mbok ndewor**, sing njeketek bojone enome dewe sing waktu iku numpak **bronpit**.² Gak butuh waktu sue, pulisi langsung nyekel pelaku sing penggaweane sak bendinane dadi bakul sapi iki.³

Penggawean dadi **bajingan embongan** utowo sing biasa diarani jambret biasa dilakoni **barek** Akni Jaelani, petangpuluh loro tahon wong deso Puspa kecamatan Maran Probolinggo.⁴ Tapi kelakuan wong lanang iki kudu mandek malah nang tangan bojo enome dewe.⁵ Korban jambretan iki jenenge Akil Minah telungpuluh papat tahon sing gak lio bojo enome pelaku dewe.⁶ **Mbok ndewor** iki dijambret tase pas numpak **bronpit mbarek** nggowo tas nok sak ubengane jalur Pantelor desa Karang Pranti kecamatan Pacarakan.⁷ Pas ndelok pelaku raine koyok bojone, korban langsung **repot** nang Polsek sing cedek TKP.⁸ Gak let sue pelaku isok dicekel nang sak ubengane pasar sapi, gak lidok njeketek pelaku jambret iku bojo enome korban dewe.⁹ Teko ngakune tersangka pas njambret, deke gak eruh nek korban bojo enome dewe.¹⁰ Teko tangane tersangka pulisi isok ngamano tas weke korban **barek bronpita** tersangka.¹¹ Jare Kasat Reskrim Polsek Pacarakan Ibda Slamet, pelaku klebu residivis **bajingan embongan**, sing sak suwene iki dadi telekane anggota Polres Probolinggo.¹² Tapi sak iki wayae apese, pelaku isok dicekel teko **repotane** bojone dewe sing dadi korban.¹³ Gae nanggungjawabno kelakuane, tersangka kudu nyekukruk nok walike ruji wesi Mapolsek.¹⁴ **Barek** dipastekno gak isok kelonan **barek** bojo enome maneh.¹⁵

Nang perkara iki tersangka dijiret pasal telungatus suidak limo ayat siji ukumane paling pol sangantahon di bui. ¹⁶ // Faris Pahlevi JTV

Dibedek gak gableg ijin alias HO, gelanggang olahraga futsal ole-ole nang jalan Bungtomo **barek** raya Ngagel Suroboyo disegel petugas Satpol PP.

Gedang klutuk rasane legi, timbangene ngantuk ndeloko “*Pojok Kampung*” mari iki!

*****Commercial break*****

News 7

PULISI NGENDEKNO SELUNDUPAN MANUK DECU

KARO JALAK SULAWESI

SUROBOYO

He dherek praktik selundupan kewan langka liwat pelabuhan isok diwurungno anggota Polres pelabuhan Tanjung Perak, salah sijine manuk jalak Sulawesi teko Makasar **barek** puluhan manuk decu iso dislametno. ¹ Sak liane iku pulisi isok ngendekno banyu londo teko Cino sing kape diselundupno pisan, penumpang telu sing nggowo manuk decu **barek** ombenan banyu londo isok diamano sak untoro penumpang sing nggowo manuk jalak isok karate **barek** sak iki jek diuber. ²

Operasi iki dilakokno anggota Polres pelabuhan Tanjung Perak nang penumpang kapal Darma Kencana B tujuan Makassar Suroboyo. ³ Masio kapal sandar nok dermaga jamrud, pulisi langsung merikso sak ben montor **barek** penumpang sing metu teko kapal. ⁴ **Kasile** pulisi iso ngamano manuk jalak Sulawesi iki mbarek puluhan manuk pleci **barek** manuk decu karo ombenan banyu londo teko Cino. ⁵

PULISI YO NEGEP OMBENAN BANYU LONDO ILEGAL

SUROBOYO

Pulisi langsung ngamano wong telu antarane Syukur warga Jawa Tengah sing nggowo puluhan manuk decu **barek** pleci karo Brian, Patrick Gogali, Melki Handi Pasa sing nggowo wolulas ombenan banyu londo teko Cino. ⁶ Sak untoro penumpang siji sing nggowo manuk jalak sing salah **barek** sak iki sek diuber. ⁷ Jarene Kasat Sabara Polres pelabuhan Tanjung Perak AKP Supiyan, kebongkare selundupan kewan iki kawitane **barek** onoke **repotan** selundupan, teko **repotan** iku pihake **barek** anggota Satreskrim ngelakokno operasi nang kabeh penumpang kapal. ⁸ **Kasile** gak onok penumpang sing nggowo kewan elang, cuma manuk jalak ireng **barek** banyu londo teko Cino. ⁹ Pulisi ngamano manuk **barek** banyu londo iki polae gak dipepeki dokumen, nang periksoan iku Syukur ngaku puluhan manuk decu iku kape didol maneh nang kampunge, sak untoro Patrick **barek** Melki ngaku wolulas botol sing digowo iki mek titipane wong. ¹⁰ Sak iki gae

proses terusane wong telu **barek** barang buktine digowo nang Polres pelabuhan Tanjung Perak gae diperikso. ¹¹ // Fahrurozi JTV

News 8

RAZIA BPOM NEMOKNO PANGANAN KARO PERMEN ILEGAL SUROBOYO

Ramene peredaran panganan **barek** ombenan jange perayaan imlek dadi pentelengane petugas badan pengawasan obat dan makanan BPOM Suroboyo, bareng Dinas Kesehatan, **barek** Dinas Perindustrian dan Perdagangan awan mau petugas gabungan nggelar razia nang pasar atum Suroboyo. ¹ **Kasile** petugas nemokno puluhan panganan **barek** permen ilegal alias gak gableg ijin edar **barek** kadar kadaluarsae. ²

Razia panganan **barek** ombenan nang pasar atum Suroboyo iki dilakoni petugas gabungan teko BPOM Suroboyo Disperindag Jawa Timur karo Dinas Kesehatan Jawa Timur. ³ Nang razia iki petugas merikso siji-siji panganan asal Cino sing didol nang pirang-pirang toko ndok pasar atum, **kasile** petugas nemukno puluhan panganan **barek** permen asal Cino gak gableg ijin edar, gak cuma iku panganan ilegal iki yo gak dijangkepi boso Indonesia **barek** tanggal kadaluarsone. ⁴ Endang Wahyu Ningsih penyidik teko Disperindag Jawa Timur ngomong, razia panganan iku dilakoni nggae njagani nyebare panganan teko Cino khusus jange perayaan imlek. ⁵ Endang yo ngaku panganan teko Cino sing ilegal iku nderawasi gae kesehatan nek dipangan, kabeh panganan ilegal iku kape digowo nang laboratorium BPOM kanggo diperikso, nek engkuk kebukti bahane nemu zat sing nderawasi gae awak mongko pihake kape narik pangan iku teko pasaran, **barek** temuan iki BPOM, Disperindag, **barek** Dinas Kesehatan Jawa Timur ngarepno masyarakat luwih ati-ati tuku panganan sing gak dijangkepi ijin edar, basa Indonesia **barek** tanggal kadaluarsae. ⁶ // Fahrurozi JTV

News 9

GAK GABLEG HO, RONG LAPANGAN FUTSAL OLE-OLE DISEGEL SATPOL PP SUROBOYO

Dibedek gak gableg ijin alias HO gelanggang olahraga futsal ole-ole nang dalam Bungtomo **barek** Raya Ngagel sore maeng kepekso disegel petugas Satpol PP kuto Suroboyo. ¹ Tertiban iku mbalek dilakokno maneh masio sakdurunge wis dipidanakno **barek** didendo, tapi keloro lapangan futsal iku tetep nekat bukak. ²

Segelan gelanggang olahraga futsal ole-ole sore maeng **barek** petugas Satpol PP kuto Suroboyo melaku lancar, petugas yo masang kawat eri karo surat segel. ³ Disegele lapangan futsal iki polae gak gableg ijin HO, sak liane nang jalan raya Ngagel petugas Satpol PP yo nertibno nang enggon futsal ole-ole nang dalam Bungtomo. ⁴ Sak gurunge disegel seng oleh futsal ole-ole iki wis ngelakoni sidang **barek** didendo, tapi masio ngunu sing ngelola nekat tetep mbukak usahane akhire

disegel petugas.⁵ Segelan iki dewe wes ngeliwati proses **barek** wis entok surat perintah teko Badan Lingkungan Hidup utowo BLH.⁶ // Agus Setiawan JTV

News 10

NILEP,

DIREKTUR PT JASALINDO DIVONIS TELUNG WULAN CACAK-AN
SUROBOYO

Direktur PT Jasalindo sing dibedhe' **nilep** jasa nyelametno kapal tongkang sing kerem, ditibani ukuman telungwulan cacak-an.¹ Nang putusan sing luwih enteng teko tuntutan jekso sing nuntut enem wulan di bui kuoso ukume terdakwo kapene ngejokno banding.²

Ketua majelis hakim pengadilan negeri Suroboyo Burhanudin akhire nibakno ukuman telung wulan cacak-an nang terdakwo direktur PT Jasalindo sing dibedhe' **nilep** jasa nyelametno barang kapal tongkang, nah sidang sing dibeber nang ruang sari loro bedhug dobol maeng Amar putusan hakim nyatakno terdakwo direktur PT Jasalindo Armando kebukten sah salah nguasai barang kapal sing kelem **barek** ngelanggar pasal patbelas huruf A KUHP.³ Sak gurunge terdakwo Armandi dituntut jekso **barek** ukuman enem wulan penjara mari kebukten ngelanggar pasal telu pitu papat perkoro **nilep**.⁴ Masio putusan luwih enteng teko tuntutan jekso, kuoso ukume terdakwo kape banding polae nganggep terdakwo gak salah **barek** perkoro iki murni perdata.⁵ Sak gurunge perkoro iki dilebokno sing ndue kapal nang Polsek Jawa Timur polae terdakwo dibedhe' **nilep** proses nyelametno kapal tongkang sing kerem nang perairan pulo Ra'as Sumenep Meduro tahon wingi.⁶ // Amirudin Ilham JTV

News 11

BURON MALING BRONPIT

ANGGOTA TNI KASIL DITEGEP POLSEK KENJERAN

SUROBOYO

Usaha anggota Reskrim Polsek Kenjeran Suroboyo nyekel salah siji buron maling **bronpit** weke anggota TNI AL asli onok **kasil** dherek, pelaku Nuryadi kate **ditegep** pas moleh nang omahe nang kampung dalan Kenjeran Suroboyo.¹ Nang pulisi Nuryadi ngaku sek ping pisan nyolong **bronpit** polae butuh duek gae nguripi anak bojone.²

Barek nggowo montor patroli, pelaku Nuryadi telongpuluh songo tahon digowo nang Mapolsek Kenjeran.³ Pelaku sing kerjone tukang parkir iki **ditegep** nang omahe nang kawasan Sidonita Suroboyo, kecekele pelaku Nuryadi iki teko keterangane Bukhori koncone sing wis kecekel disikan **barek** digepuki wong akeh.⁴ AKP Yudo Haryono Kanit Reskrim Polsek Kenjeran ngomong Nuryadi iki limang wulan dadi buron Polsek Kenjeran polae nyolong **bronpit** honda beat dueke Koptu Totok anggota Armatim 18 September 2014 mbiyen.⁵ Wektu iki Bukhori **kasil ditegep** korban **barek** langsung diantemi warga, la pelaku Nuryadi

kasil sarat usaha pulisi nguber pelaku Nuryadi iki akhire nggowo **kasil**.⁶ Koyok sing diberitakno sak durunge, perkoro maling **bronpiti** iki kedadean tanggal 18 September 2014 wektu iku Koptu Totok anggota Armatim parkir **bronpiti** honda beat nang ngarepe omah kang kampung dalam Randu Barat Suroboyo.⁷ La pas iku loro pelaku Bukhori **barek** Nuryadi nyolong **bronpiti** korban **barek** pencite.⁸ Tapi apese aksine dikonangi **mbarek** korban sing langsung nguber pelaku.⁹ Pelaku Bukhori **kasil ditegep** la Nuryadi **kasil** mlayu.¹⁰ // Fachrurozi JTV.

Jajaran Reskrim Polres Lumajang nyekel sindikat pelaku begal karyawan Bank Partikelir.

Tahu isi opo onde-onde, ojo nang ndi-nang ndi aku mbalik mari ngene.

*****Commercial break*****

News 12

KEJARI NETEPNO KADES SAWIR DADI TERSANGKA KORUPSI TUBAN

Salah siji kepolo deso nang kabupaten Tuban ditetepno dadi tersangka **barek** Kejaksaan Negeri kaitane karo bedhe'an korupsi dana kas deso.¹ Sak gurunge Kejari Tuban nemokno pirang-pirang bukti onoke penyimpangan sebagian duek kompensasi kas deso sak marine diselidiki.²

RONDO DUWE ANAK IKI MBADHOG DUWEK 1,3 MILYAR REPES TUBAN

Kejaksaan negeri Tuban netepno kepolo deso Sawir kecamatan Tambak Boyo kabupaten Tuban Nur Aini telongpuluh limo tahun dadi tersangka, iku sak marine rondo gak due anak iki diarani mbadhok duek kas deso, omongan iku disampekn Kasi Intel Kejari Tuban I Made Endra awan mau, deke ngomong pamong deso Sawir tahun 2013 nompo duek kompensasi diculnoe capete dalam umum teko PT Holcim Indonesia gedene 1,3 milyar repes.³ Duek kompensasi iku otomatis dadi kase deso sing kudune digae kepentingan pembangunan deso, iku sesuai peraturan Menteri Dalam Negeri utowo Pemendagri nomer 4 tahun 2007 perkoro pedoman kekayaan deso **barek** Peraturan Pemerintah utowo PP nomer 72 tahun 2005 perkoro pemerintah deso.⁴ Kebongkare kasus korupsi iki kaitane teko **reputane** masyarakat, mari ngunu nok selidikan Kejari Tuban nemokno pirang-pirang bukti onoke penyimpangan duwek kompensasi, polae duek sing digae gak tepak sasaran **barek** gak iso dipertanggungjawabno, masio ngunu sak iki pihak kejaksaan **barek** tim ahli sik ngijir piro toroke negoro nang kasus iki, sak liane iku isok ae onok tersangka enyar nang perkoro iki, mergo kelakuane iku tersangka kenek pasal loro utowo telu undang-undang tipikor sing ancaman ukumane paling pol rongpuluh tahun di bui, tapi sampek sak iki pihak Kejari dorong nahan tersangka.⁵ // Husni Mubarak JTV

News 13

KEJARI NGGELEDAH KANTOR DESO KEMANTREN MOJOKERTO

Kejaksaan Negeri Mojokerto nggeledah kantor deso Kemantren kecamatan Gedek kabupaten Mojokerto. ¹ Penggeledahan iku dilakoni gae neleki data-data penting kaitane **barek** kasus korupsi mbebasno lahan kanggo mega proyek tol Suroboyo Mojokerto sing ngerugekno negoro sampek 460 yuto repes. ²
KAITANE MBAREK KASUS KORUPSI MEGA PROYEK TOL SUMO
MOJOKERTO

Pirang-pirang penyidik pidana Kejaksaan Negeri Mojokerto iki langsung nggeledah ruang kepala deso Kemantren Sutikno, nang penggeledahan iku siji-siji berkas sing onok nang brangkas **barek** lemaring Sutikno diperikso penyidik pidana kejaksaan. ³ Teko penggeledahan iku penyidik kejaksaan nemokno pirang-pirang dokumen penting kaitane karo kasus korupsi mbebasno lahan mega proyek tol Suroboyo Mojokerto. ⁴ Dokumen sing disita iku kanggo nguatno penyidikan kasus sing ngerugekno negoro 460 yuto repes, sak untoro iku pas digeledah Kejaksaan Negeri Sutikno gak onok nang kantore, masio ngunu status Sutikno wis ditetepno dadi tersangka bareng Kepala Badan Permusyawaratan deso Kemantren Purwono. ⁵ Kepolo pidana Kejaksaan Negeri Mojokerto Andi njelentrehno modus korupsi iku pas tersangka Sutikno ngejokno silihan duek nang PT MHI liwat tim pengadaan tanah, mari ngunu PT MHI nyairno duek gedene 506 yuto gae Sutikno **barek** disetujoni Purwono, tapi sing nuku tanah iku dimlembungno sampek 460 yuto repes. ⁶ // Taufik Lubis JTV

News 14

SINDIKAT TUKANG BEGAL KARYAWAN BANK KECEKEL LUMAJANG

Jajaran Reskrim Polres Lumajang nyekel sindikat pelaku begal karyawan Bank Partikelir rebo awan mau. ¹ Pulisi kepekso ngelumpuhno salah sijine tersangka **mbarek** timah panas polae kape melayu pas dicekel. ²

Tersangka begal iku Achmad Sodiq, Erfin, **barek** Marno langsung digelendeng nang Mapolres Lumajang sak wise dicekel pulisi nang omahe. ³ Jare Kapolres Lumajang AKBP Arif Syahrudin gawe pelaku kelebu komplotan begal sing nggae sumpek warga Lumajang **barek** sak ubengane. ⁴ Keri-keri komplotan iki mbegal Fida karyawan Bank Partikelir teko kabupaten Probolinggo deso Jatisari kecamatan Kedungjajar Lumajang. ⁵ Moduse pelaku ngetutno korban ket metu teko kantore, pas liwat nang nggon sepi tersangka mepet teros ngerampas dueke korban **mbarek bronpите**, la emane pulisi gak isok nyekel uteke komplotan sing isok nggondol duek 40 yuto repes. ⁶ Teko tangan ketelu tersangka pulisi nyita barang bukti **bronpите** korban **barek** senjata landep loro, akibat kelakuane ketelu tersangka sak iki sek diperikso nang ruang Reskrim Polres Lumajang. ⁷ // Achmad Arif JTV.

News 15

MECAH KOCO, NGGASAK HAPE ANGGOTA POLRI,
AREK PUNK DITEGEP
MALANG

Aksi kriminal nok wilayah kabupaten Malang wis merambah nang arek-arek enom. ¹ Koyok arek sing dicekel Buser Satreskrim Polres Malang iki dherek nggae coro **mlokoto** korban, pelaku isok ngerampas **bronpiti barek** hapene korban. ²

Koyok ngene iki **perejengane** Sugeng Risowo songolas tahun warga Woreng kecamatan Kedung Kandang kuto Malang sing dicekel pulisi gorogoro kelakuane ngerampas **bronpiti** uwong, pelaku sing keblebu residivis sing lagek metu teko bui iki kudu ndekem maneh teko kelakuan kriminal sing dilakokno. ³ Tersangka ngerampas **bronpiti barek** koncone sing inisial N sing nentokno korbane disikan, pelaku ngenteni korbane sing sek umur patbelas tahun terus langsung **mlokoto** korban **barek** ngomong njaluk diterno tuku bensin nang daerah Lawang. ⁴ Pas korban njaluk lungo nang toilet nang daerah Pakis Haji, pelaku mulai ngelakokno kelakuane **barek** ipok-ipok nyeleh hape gae madangi embong, korbang sing dewekan **barek** sek cilik langsung ditinggal ijenan, **bronpiti** digowo pelaku sak hapene. ⁵ Teko **kasil** sidikane petugas Sat Reskrim Polres Malang akhire pelaku isok dicekel tapi hapene korban wis didol **barek** rego 70 ewu repes la **bronpiti** diregani 700 ewu repes, sak liane iku pulisi yo **kasil** nyekel tukang tadae Imam Bonjol sing **kasil** ngedolno colongane tersangka, Imam entok persenan 100 ewu repes teko ngedolno **bronpiti** iku. ⁶ Teko kelakoane iku tersangka Sugeng dijiret pasal 368 KUHP sing ancaman ukumane sangang tahun di bui, **barek** tersangka Imam Bonjol kenek pasal 480 KUHP sing ancaman ukumne limang tahun di bui. ⁷ // Khairul Anwar JTV

News 16

MECAH KOCO, NGGASAK HAPE ANGGOTA POLRI,
AREK PUNK DITEGEP
MALANG

Arek-arek mbambung alias punk njaluk nunutan sing jelas nggarakno nderawasi gae wong sing ngekeki nunutan, gak lidok gudhuk mator suon pirang-pirang arek punk nang kawasan Kendal Pakis Haji Malang malah nganiyoyo nang wong sing ngekeki nunutan **barek** mecah koco montore **barek** njukuk hapene korban. ¹

Buser Satreskrim Polres Malang nggelendeng salah siji pelaku arek mbambung alias punk sing dadi daftar telekan wong alias DPO kepulisian yoiku Eris Ensim nemlikor tahun arek kampung Gelanggang Turen Malang. ² Kedadean iki dewe pas korban sing yo anggota Polri pas nggowo montor pickep dicegat pirang-pirang arek mbambung njalok tunutan. ³ Korban mikire mek njaluk nunutan gak naruh curiga, la njeketek arek mbambung iku telek perkoro **barek**

ngerusak kendaraan karo nganiyoyo korban. ⁴ Gak mek mandek nang kunu, kawanan arek punk yo mecah koco kendaraane korban, terus njukuk barang mbejaji sing onok nang njerone, antarane hape maringunu sarat sing nggae nginggati sing digae dalan liane nang kawasan Kendal kecamatan Pakis Haji. ⁵ Sak gurunge pulisi wis ngamano koncone loro sing yo melok nganiyoyo **barek** mecah koco montor ambek njupuk ponsele korban jarene AKP Wahyu Hidayat Kasat Reskrim Polres Malang, **ketegepe** Eris dewe wis pelaku telu sing **kasil** diamano sampek kudu tetep neleki arek mbambung telu maneh sing wis disaki jenenge. ⁶ Polae kelakwane pulisi njiret tersangka **barek** pasal 170 365 KUHP **barek** ancemane sangang tahon di bui. ⁷ // Khairul Anwar JTV

Wong limo tukang edar **barek** ngidap narkotika jenis sabu-sabu karo ganja diamano jajaran Reskoba Polres Nganjuk.

Susu kentel enake dicampur roti, ojok ganti cenel mari ngene aku balik mari sing liwat iki.

*****Commercial break*****

News 17

LALI MATENI LILIN, KIOS PAPAT ENTEK KOBONG SAMPANG

Yo dherek, pirang-pirang ruko nang pasar Pangarengan Sampang entek dibadhok geni. ¹ Kobongan iku kedadeane jam telu isuk utuk-utuk **barek** nggosongno sak nggak-nggake limang kios **barek** puluhan kios liane rusak. ² Polae dibongkar pekso wong sing ndue toko mergo kuatir kiose melok kobong. ³

Petang ruko kios nok pasar Pangarengan kabupaten Sampang isuk utuk-utuk mau entek dibadhok geni, selamete montor kloneng langsung teko, dadine geni kobongan isok langsung dipateni. ⁴ Sumber geni dibedhe' kuat teko salah siji uwong sing ndue kios lali mateni lilin pas ngedukno barang dagangane, wektu iku kondisine mati lampu sak unto ro geni teros mublak-mublak masio wes disemprot petugas montor kloneng. ⁵ Puluhan warga melok mudun mateni geni ceke gak merantak nok pirang-pirang toko utowo kios sing onok nok cideke TKP. ⁶ Jare warga, kobongan iku dieruhi pas onok beluk kandel mumbul teko salah sijine ruko weke Kaji Khoiri wong deso Apaan Pangarengan Sampang. ⁷ Akibat kobongan iki pirang-pirang barang dagangan nok pirang-pirang kios utowo ruko akeh sing rusak **barek** gosong. ⁸ Dibedhe' toroke sampek atusan yuto repes. ⁹ // Fatur Rozi JTV

News 18

LAGEK DIPARKIR, BRONPIT MATIC DIGASAK MALING TULUNGAGUNG

Kedadean apes ngeneki pengusaha konfeksi teko kelurahan Botoran kecamatan Tulungagung. ¹ **Bronpit** sing lagek diparkir nang ngarepe toko **barek** wis dikunci iku digondol maling, deweke langsung ngelakokno olah TKP gae nyelidiki perkoro iku. ²

Nang ngarep tokone iki **bronpit** matic weke Ropiah wong kelurahan Botoran kecamatan Kuto Tulungagung sing lagek seminggu tuku nang diler digowo melayu maling. ³ Padalan **bronpit** iku wis dikunci setang nok ngarep tokone, karepe korban kape njupuk kunci toko sing gak adoh totok nggon kedadean, tapi deke kaget gak onok sepuluh menit ditinggal **bronpita** wis **keplas**. ⁴ Korban langsung **ngerepotno** kedadean iku nok aparat pulisi sing cedek. ⁵ Pulisi teko Polres Tulungagung langsung moro gae ngelakoni olah TKP. ⁶ Sing ndue **bronpit** gak ngiro nek pelaku isok cepet nyikat **bronpita**, sak iki perkoro maling **bronpit** iku sek ditandangi petugas Polres Tulungagung. ⁷ // Agus Bondan JTV

News 19

RESIDIVIS NARKOBA NGGOWO 31,4 GRAM SABU-SABU DICEKEL BANYUWANGI

Uwong sing dadi buronan Polda Jawa Timur nang perkoro ndue narkoba sabu-sabu dicekel Satreskob Banyuwangi Rebo isuk utuk-utuk mau. ¹ Teko tangane residivis kumatan sing lagek metu teko lapas krobokan Denpasar Bali teko perkoro sing podo pulisi ngamano telong puluh siji koma petang gram sabu-sabu sing kape didol. ²

Lagek petang wulan metu teko lapas krobokan Denpasar Bali gak nggae kapok uwong bisnis narkoba. ³ Tongko Wirawan petangpuluh papat tahun warga Simokerto Suroboyo, Rebo isuk utuk-utuk mau dicekel Satreskoba Polres Banyuwangi. ⁴ Residivis kumatan nang perkoro narkoba iki dicekel nang nggon kos-kosane nang wilayah deso Benciluk kecamatan Cluring, teko tangane tersangka sing wis dadi buronan Polda Jawa Timur sing nggowo barang kharom iku, pulisi ngamano barang bukti sabu sing kape diedarno kiro-kiro telongpuluh siji koma petang gram sing dibungkus nang pirang-pirang paket **barek** biji totale sampek suidak yuto luweh, **barek** alat koyo timbangan elektrik **barek** pong. ⁵ Teko **kasil** periksoan sabu-sabu iku entok teko salah sijine uwong nang Suroboyo sing kape diedarno nang wilayah Banyuwangi **barek** Bali. ⁶ Gae ngembangno perkoro terusan sak iki tersangka sek diprekso intensif nang Mapolres Banyuwangi. ⁷ Pulisi yo sek nguber salah sijine bandar gede sabu-sabu warga Suroboyo sing wis dieruhi identitas. ⁸ Jare Kapolres Banyuwangi AKBP Tribisono Siharso, teko kelakuan iku tersangka kape dijiret undang-undang nomer 35 tahun 2009 perkoro narkoba sing ancaman ukumane di bui limang tahun sampek rongpuluh tahun. ⁹ // Handoko Kusumo JTV

News 20

TELU TERSANGKA SABU AMBEK LORO TERSANGKA GANJA DICEKEL NGANJUK

Onok wong limo tukang ngecer **barek** nyetet narkotika jenis sabu-sabu karo ganja diamano jajaran Reskopa Polres Nganjuk. ¹ Dibedek narkoba iki dikendalekno **barek** salah sijine perantaraan sing onok nang lapas Madiun. Sampek sak iki bedhe'an iku jek dijeroni **barek** pulisi. ²

Prado Candra telongpuluh loro tahun wong kelurahan Mangundikaran Nganjuk, Aprianto telongpuluh telu tahun warga kelurahan Keramat Nganjuk **barek** Edi Siswanto petangpuluh limo tahun wong kelurahan Mangundikaran Nganjuk, ketelune diamano pulisi polae dadi pengedar **barek** sing nggae narkoba jenis sabu-sabu. ³ Wong telu iku **dikewer** nang Satreskoba Mapolres Nganjuk **barek** loro tersangka liane yoiku Sitkom rongpuluh tahun karo Agus Candra rongpuluh tahun kelorone warga Mojokerto sing **kepek** nggolek ganja. ⁴ Jare Sat Narkoba Polres Nganjuk AKP Supriadi dicekele wong limo tersangka iku klebu kembangan dicekele Frado **barek** Aprianto, kelo pelaku iku dicekel sak wise onok **repotan** teko warga sing curiga **barek** onoke pesta narkoba nang omahe Frado sampek akhire petugas nyekel telu pelaku liane. ⁵ Teko **kasil** priksaan iku Edi siswanto sing dadi pengedar ngaku entok sabu-sabu teko salah sijine tahanan sing onok nang lapas Mediun, tapi sampek sak iki pulisi gorong isok mastekno nek peredaran sabu-sabu iku dikendalekno **barek** perantaraan sing onok nang njero lapas Mediun. ⁶ Sak liane ngamano limo pelaku pulisi yo ngamano sabu-sabu abote nol koma patbelas gram jangkep **barek** alat nyetete karo ganja gae barang bukti. ⁷ Gae naggungjawabno kelakuane pelaku dijiret pasal 114 UU RI nomer 35 tahun 2009 perkoro narkotika sing ancaman ukumane paling pol rongpuluh tahun di bui. ⁸ // Ahmad Syarwani JTV

Polae gak kuat nanggung biaya rumah sakit bayek telu teko kembar limo digowo moleh teko rumah sakit umum dokter Isqak Tulungagung.

MARI NGENE

Mangan tahu lomboke siji, ojok kesusu turu aku mbalik mari woro-woro iki.

*****Commercial break*****

News 21

WELASAN BAJINGAN DICEKEL PULISI LUMAJANG

Welasan pelaku kriminal dicekel Satreskrim Polres Lumajang teko pirang-pirang enggon nok Lumajang. ¹ Cekelan iki dilakokno pulisi pas ngelakokno kegiatan operasi pekan sing digeber seminggu iki. ²

Kecekele rolas bajingan iki dijelentrehno Kapolres Lumajang AKBP Arif Pihapudin nang Kapolres. ³ Poro pelaku iki kecakup nang operasi pekan ket sak wulan iki, wong-wong iki asale teko pirang-pirang perkoro mulai teko nyolong, **plokotoan**, judi sampek rampok, malah kelakoane poro tersangka iki wis nggarakno uwong Lumajang sumpek. ⁴ Teko poro tersangka iki pulisi isok ngamano **kasil** colongane poro tersangka, mulai teko alat-alat kosmetik klambi **barek** puluhan **bronpit**. ⁵ Gae kepentingan penyidikan poro tersangka kudu nyekukruk nang sel tahanan Polres Lumajang, gae ngelakoni proses ukum terusane, pulisi sek neleki poro pelaku liane la pulisi semoyo kapene nindak tegas poro pelaku liane. ⁶ // Achmad Arif JTV

News 22

NEKEN LAKA LANTAS, POLDA JATIM NRENING SOPIR BIS MBAREK PRAOTO SUROBOYO

Polda Jawa Timur lewati rektorat lalu lintas utowo Ditlantas terus ngupayakno neken ongko kecelakaan lalu lintas dherek, antare **barek** nggelar program Jawa Timur peduli keslametan utowo Jatim pekan 2015. ¹ Diluncurno program iku diramekno **barek** atraksi pulisi nertibno pelanggaran lalu lintas. ²

Sak wise diloncing wulan wingi Ditlantas Polda Jawa Timur nggelar trening kanggo poro sopir bis **barek** praoto sing gelek nyalahi aturan nang embong, **barek** onoke program iki dikarepno isok ngunggahno kesadaran masyarakat Jawa timur gae keslametane lalu lintas. ³ Rong ndino terus-terusan Polda Jawa Timur nggelar trening nang Watu Kosek Mojokerto sing ngetotno poro sopir bis **barek** praoto. ⁴ Acara seremonial iki dibukak langsung **barek** pejabat Kasubdit Dikiasa sing diterusno **barek** Kombes Pol Ferdianto Iskandar nang ngarepe sopir sing teko nang kunu Ferdianto ngarepno onoke program Jatim pekan iki isok neken duwure ongko kecelakaan sing digarai **barek** bis karo praoto. ⁵ Sak liane sopir bis **barek** praoto Ditlantas yo pesen ceke onok kesadaran teko kabeh elemen masyarakat gae nyiptakno Jawa Timur tertib lalu lintas. ⁶ Acara diklat sopir iki ditutup mbarek ESQ Riding sing dilakukno pas bengi-bengi dieloki **barek** 60 sopir bis **barek** praoto nggae coro moco janji sopir apik **barek** elek. ⁷ ESQ Riding dikekno nang poro uwong sing nyopir **barek** kape disosialisasikno nang kabeh sopir **barek** praoto. ⁸ Dikarepno teko program iki isok ngunggahno sadare sopir dadine luwih tertib **barek** manut aturan sing dampake nang slamete awake dewe. ⁹ // Indra Nurjayanto JTV

News 23

GAK KUAT MBAYAR BIAYA RUMAH SAKIT, BAYI TELU DIOLEHNO TULUNGAGUNG

Polae gak kuat nanggung biaya rumah sakit akhire bayek telu teko kembar limo diolehno teko rumah sakit umum Dokter Isqak Tulungagung. ¹ Siji teko

bayek iki keadaane tambah nderawasi polae diramut opo onoke, sak untoro loro teko limang bayek kembar iku wes matek.²

SAK UNTORO LORO EKO LIMANG BAYEK KEMBAR IKU WES MATEK TULUNGAGUNG

Nok omah biyasa iki wong sak bojo Hermawan **barek** Yeni Yuanita warga deso Sero kecamatan Boyo Ngawu kabupaten Tulungagung, ngeramot bayek telu sak wise dioleho nok rumah sakit umum Dokter Isqak Tulungagung.³ Masio bayek telu iku sek adoh teko bobot awak ideale yoiku rongpuluh ons utowo rong kilo **barek** keadaan kesehatane sek elek, wong sak bojo iki nekat nggowo moleh anake teko rumah sakit polae gak kuat mbiyayai operasional sak suene diramut nok rumah sakit.⁴ Hermawan bapake bayek ngomong anak telu kembare iku kepekso muleh disek polae sak suene nok rumah sakit deke gak ndue biaya gae mbayar rumah sakit, masio sak wise muleh teko rumah sakit keadaane bayek kembar telu iku gak stabil **barek** gelek panas duwur.⁵ Bayek telu sing kabeh wedok iki mek entok susu formula, sak untoro siji bayek kepekso dibalekno maneh nang rumah sakit gae diramut ekstra polae keadaane tambah nderawasi.⁶ Wong tuane bayek ngaku gak kuat nanggung biaya ramutan nang rumah sakit, keluarga iki ngarepno onok dermawan sing isok ngewangi gae mbiyayai bayek telu anake sak suene nok rumah sakit.⁷ // Agus Bondan JTV

News 24

MAPAK IMLEK, GAE MBUWAK APES, JAMAAH NGECULNO MANUK SUROBOYO

Yo dherek, mapak tahon anyar imlek atusan wong Cino marani klenteng gae ngelakokno sembahyangan nang tahon wedus kayu iki.¹ Atusan jamaah tridarma ngelakokno pirang-pirang ritual gae ngguak apes **barek** supoyo mesti entok untung, salah sijine ritual ngecolno puluhan manuk.²

Mapak tahon anyar imlek atusan wong Cino marani klenteng gae ngelakokno sembahyangan nang tahon wedus kayu.³ Atusan jamaah tridarma iki yo ngelakokno pirang-pirang ritual gae mbuak apes **barek** mesti untung, yoiku ngeculno puluhan manuk, iki koyok sing dilakokno jamaah kelenteng sanggar agung Kenjeran Suroboyo.⁴ Ritual iki dilakokno secoro rutin sak ben mapak imlek, jarene pirang-pirang jamaah ritual ngecolno manuk iki gae simbol keberuntungan.⁵ Ritual iki dilakokno gae mbuak apese urip **barek** simbol kasih sayang **barek** supoyo entok keberuntungan nang tahon wedus kayu iki.⁶ Sak liane iku ritual iki budoyo warga Cino teko tinggalane leluhure alias mbah buyute, sak liane ngelakokno ritual gae tahon nang tahon anyar imlek, jamaah yo nganano sembayangan gedhen-gedhenan nang kelenteng-kelenteng gae simbol taat nang ajaran tridarma.⁷ // Ismana Windarto JTV

Closing:

Berita maeng mungkasi *Pojok Kampung* bengi iki, ojok lali dulur follow akun twitter JTV ndok @redaksijtv **barek** facebook nang redaksi JTV gae ngirim informasi, saran, otowo kritik, ngakhiri sing tandang gae aku ning Silmia aku ning Ayu sugeng ndalu. ¹

QUESTIONNAIRE

These are the questionnaires is use in this study:

ANGKET

Umur :
Pekerjaan :
Alamat :

Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan memberi tanda (√) pada jawaban yang tepat

1. Apakah anda orang asli Surabaya?
O Iya O Tidak
2. Apakah anda tahu acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya?
O Iya O Tidak
3. Apakah anda suka dengan acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya?
O Iya O Tidak

Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan memberi tanda silang (×) pada huruf a, b, c, atau d

4. Apa yang anda suka dari acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya?
 - a. Penggunaan bahasa
 - b. Menggunakan dialek Suroboyoan
 - c. Beritanya
 - d. Presenternya
5. Seberapa sering anda menonton acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya dalam seminggu?
 - a. Sekali dalam seminggu
 - b. Tiga kali dalam seminggu
 - c. Lima kali dalam seminggu
 - d. Setiap hari
6. Apakah anda paham atau mengerti dengan bahasa yang digunakan pada acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya?
 - a. Paham sekali

- b. Cukup paham
- c. Tidak paham
- d. Tidak paham sama sekali

INTERVIEW

These are the result of interview JTV's crew is use in this study:

Pertanyaan:

Mengapa acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya menggunakan dialek Surabaya dan mengapa berita yang dibahas seputar Jawa Timur?

Jawaban:

Karena sebagai wujud pelestarian bahasa daerah sehingga tidak hilang oleh pengaruh globalisasi, dari segi budaya redaksi berusaha untuk mempertahankan dan mempopulerkan kata-kata khas "*boso Suroboyan*" sehingga kata-kata yang hampir tidak digunakan muncul kembali, misalnya kata *bronpit* dalam bahasa Indonesia artinya 'sepeda motor'. Berdasarkan fungsi hiburan dan komersial redaksi menggunakan kata-kata lucu dan bersifat menghibur, misalnya kata *mbok ndewor* dalam bahasa Indonesia artinya 'ibu'. Dengan menggunakan kata-kata yang tidak biasa tersebut, *rating* acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya berada di atas dan banyak mendapatkan iklan yang menguntungkan bagi pihak televisi. Hal ini terbukti dengan keberhasilan acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya mendapat penghargaan dari Surabaya Heritage sebagai salah satu pusaka bangsa pada Senin, 7 Juli 2008 karena dianggap sebagai pelestari "*basa Suroboyan*". Berdasarkan alasan tersebut acara berita "*Pojok Kampung*" di JTV Surabaya membahas berita-berita seputar Jawa Timur.